# JAŃA ÓZBEKSTANDA JASLARǴA TIYISLI MÁMLKETLIK SIYASAT HÁM ONIŃ ÁHMIYETI

**Mambetkarimova Guljahan Polatbaevna**
**NMPI magistranti**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.17173442**

Búgin dúnyadaǵı quramalı hám tez ózgeriwsheń globallasıw sharayatında hár qanday mámlekettiń demokratiyalasqanlıq dárejesiniń áhmiyetli kórsetkishlerinen biri jámiyettiń sociallıq-mádeniy, siyasiy hámde ekonomikalıq mákanında jaslardıń da ornı qanday ekenligi menen belgilenedi. Jaslar mashqalaların sheshiw tarawındaǵı nátiyjeli mámleket siyasatın ámelge asırıw hámde onda qollanılatuǵın mexanizm hám texnologiyalardı jetilistirip barıw tek social turaqlılıq emes, bálkim ulıwma, mámleket qawipsizligin támiyinlewdiń áhmiyetli faktorlarınan biri esaplanadı. Bul bolsa, óz náwbetinde ulıwmajáhán standartları hám milliy-aymaqlıq ózgesheliklerin ózinde uyǵın tárizde sintezlegen innovaciyalıq mexanizm hám texnologiyalardı qollaǵan túrde ámelge asırılatuǵın uzaq múddetli jaslarǵa tiyisli mámleket siyasatı modelin islep shıǵıwǵa bolǵan zárúrlikti jáne de kúsheytpekte.

Házirgi dúnyanıń kóplegen mámleketlerinde jaslar menen islewdiń jańasha modellerin qáliplestiriw hám de olardı ámelge asırıwda innovaciyalıq mexanizm hám texnologiyalardı jaratıwǵa tiyisli kóplep ilimiy izertlew orayları iskerlik alıp barmaqta. Usı modellerdi islep shıǵıwda olardıń zaman talaplarına sáykesligine tiykarlanıp atqaratuǵın wazıypalarına úlken muǵdardaǵı investiciyalardı qamtıp alıw ózgesheligine ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Bunnan tısqarı, jaslar siyasatı boyınsha milliy modellerdiń tek jergilikli kózqarastan tabıslı ámel etiwi emes, olardıń usı tarawdaǵı xalıqaralıq múnásibetlerge integraciyalasa alıwı, usı siyasattıń natiyjeliligin belgilewshi áhmiyetli kriteriyaları sıpatında qaralmaqta.

Ǵárezsizlik jıllarında kópǵana tarawlar qatarında Ózbekstan Respublikasınıń jaslarǵa tiyisli mámleket siyasatı da ayrıqsha baǵdar sıpatında túpten qayta dúzildi hám bir qatar áhmiyetli evolyuciyalıq rawajlanıw basqıshların basınan keshirdi.

Ǵárezsizliktiń dáslepki jılında-aq yaǵnıy 1991-jıl 20-noyabr de "Ózbekstan Respublikasında jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasatınıń tiykarları haqqında"ǵı Nızamınıń [1] qabıl etiliwi evolyuciyalıq rawajlanıw basqıshınıń baslaması edi.

Jaslarǵa keń imkaniyatlar jaratıw, olardı hár tárepleme qollap-quwatlawdıń kepillikleri tiykarǵı nızamımızda belgilene basladı.

Konstituciyamızdıń XIV babınıń jaslarǵa arnalıwı hám tiykarǵı nızam menen olardı qollap-quwatlawdıń kepilleniwi Jańa Ózbekstanda jaslarǵa keń imkaniyatlar jaratılıwınıń negizi bolıp xızmet etti [2].

Búgingi kúnde de usı aktual máselege baslı wazıypa sıpatında áhmiyet qaratılmaqta. Bul baǵdarda Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. M. Mirziyoyev "Biz jaslarǵa tiyisli mámleket siyasatın hesh awıtqıwlarsız, isenim menen dawam ettiremiz. Tek dawam ettirip qoymastan, bálkim usı siyasattı eń basil wazıypamız búgin zaman talabına say joqarı dárejege kóteremiz. Jaslarımızdıń ǵárezsiz pikir júritetuǵın, joqarı intellektuallıq hám ruwxıy potencialǵa iye bolıp, dúnya kóleminde óz qatarlaslarına hesh qaysı tarawda bos kelmeytuǵın insanlar etip jetilisiwi, baxıtlı bolıwı ushın mámleketimiz hám jámiyetimizdiń bar kúsh hám múmkinshiliklerin sarıplaymız"[3], dep isenimli pikir bildirgeni itibarǵa ılayıq. Soǵan muwapıq jaslarǵa tiyisli mámleket siyasatın jámiyettiń barlıq qatlamlarına integraciyalasa alatuǵın tárizde ámelge asırıw modelin islep shıǵıw, onda qollanılatuǵın mexanizm hám texnologiyalardı jetilistiriw

menen baylanıslı, ilimiy hám ámeliy islenbelerdi ámelge engiziw wazıypası aktual áhmiyetke iye.

Ózbekstan jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattı jańa basqıshqa alıp shıǵıw, bul tarawdaǵı mashqalalarǵa sheshim tabıw, wákilikli organlar iskerligin nátiyjeli shólkemlestiriw hám muwapıqlastırıw maqsetinde 2016 jıl 14-sentyabrde "Jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasat haqqında"ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamınıń qabıl etiliwi úlken waqıya boldı.

Bul nızamnıń 3-statyasında da jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasat atamasına túsinik berildi. Oǵan kóre:

**jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasat** — mámleket tárepinen ámelge asırılatuǵın hám de jaslardı sociallıq tárepten qáliplestiriw ham olardıń intellektual, dóretiwshilik hám basqa baǵdardaǵı potencialın jetilistiriw ushın shárt-shárayatlar jaratılıwın názerde tutatuǵın social-ekonomikalıq, shólkemlestiriwshilik hám huqıqıy shara-ilajlar sisteması [4].

Elimizde jaslarǵa tiyisli mámleket siyasattı ámelge asırıwda tómendegi tiykarǵı principlerge ámel etiledi:

ashıqlıq hám áshkaralıq;

jaslarǵa tiyisli mámleket siyasatın ámelge asırıwda jaslardıń qatnasıwı;

jaslar baslamaların qollap-quwatlaw hám xoshametlew;

ruwxıy, etikalıq hám mádeniy qádiriyatlardıń ústinligi;

jaslardıń kemsitiliwine jol qoyılmawı.

Al, jaslarǵa tiyisli mámleket siyasatınıń tiykarǵı baǵdarları tómendegilerden ibarat:

jaslardıń huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerin támiyinlew;

jaslardıń turmısı hám densawlıǵın saqlaw;

jaslardıń ruwxıy, intellektuallıq, fizikalıq hám etikalıq tárepten jetilisiwine kómeklesiw;

jaslar ushın ashıq hám sapalı bilimlendiriwdi támiyinlew;

jaslardı jumısqa jaylastırıw hám olardıń bandligi ushın shárt-shárayatlar jaratıw;

jaslardı patriotlıq, puqaralıq sezimi, tolerantlıq, nızamlarǵa, milliy hám ulıwma insanıy qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında, zıyanlı tásirler hám aǵımlarǵa qarsı tura alatuǵın, turmısqa bolǵan qatań isenim hám qaraslarǵa iye etip tárbiyalaw;

jaslardı etikalıq negizlerdi buzıwǵa alıp keletuǵın is-háreketlerden, terrorizm hám diniy ekstremizm, separatizm, fundamentalizm, zorlıq hám miyrimsizlik ideyalarınan qorǵaw;

jaslardıń huqıqıy sana hám huqıqıy mádeniyatı dárejesin jetilistiriw;

intalı hám qábiletli jaslardı qollap-quwatlaw hám de xoshametlew;

jaslar isbilermenligin rawajlandırıw ushın shárt-shárayatlar jaratıw;

jaslarda salamat turmıs tárizine umtılıwdı qáliplestiriw, sonday-aq, jaslardıń bos waqıtların mazmunli shólkemlestiriw hám jaslar sportın ǵalabalıq rawajlandırıw ushın shárt-shárayatlar jaratıw;

jas shańaraqlardı ruwxıy hám materiallıq tárepten qollap-quwatlaw, olar ushın múnásip turaq-jay hám social-xojalıq sharayatlardı jaratıw boyınsha kompleks ilajlar sistemasın ámelge asırıw;

jaslardıń huqıqları hám erkinliklerin ámelge asırıw salasında iskerlikti ámelge asırıwshı xalıq aralıq shólkemler menen sheriklikti rawajlandırıw.

Juwmaqlap aytqanda, jas áwladtıń bilimli, kásip-ónerli, jetik pikirli bolıp erjetiwi, múnásip dáramat tabıwı ushın barlıq zárúr sharayat hám múmkinshilik jaratıp berildi. Ózbekstannıń jaslar menen islew boyınsha tájiriybesi siyrek ushırasatuǵın, sırt el mámleketlerdiń jaslar

shólkemleri hám ekspertleriniń maqtawına eristi. Mámleketimiz jaslar mámleketi sıpatında xalıq aralıq maydanǵa shıǵıp atır.

Bul múmkinshiliklerdi joqarı qádirlew hám olardan nátiyjeli paydalanıw, mámleketimiz rawajlanıwına bilimimiz hám miynetimiz benen úles qosıw bárshemizdiń perzentlik minnetimiz bolıp tabıladı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. https://lex.uz/ru/docs/-140894
2. Oʻzbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. T: 2023.
3. Mirziyoev Sh.M. O'zbekiston yoshlariga bayram tabrigi. 2018 y. 29 iyun // O'zbekiston Respublikasi Prezidentining rasmiy veb-sayti — www.president.uz.
4. https://lex.uz/docs/-3026246?ONDATE=26.01.2022